# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार आजु चलि रहल सीतकालीन सत्र में राज्य विधान मंडल में चालू वित्त बरिस दुइ हजार चौबीस–पचीस क अनुपूरक बजट पेस कइलस। अनुपूरक बजट करीब सत्रह हजार आठ सौ पैंसठ करोड़ रूपिया क हवे। अनुपूरक बजट में बिजली, खेती अउर बुनियादी ढांचा के सथहीं प्राथमिक क्षेत्रन बदे परिव्यय आवंटित कइल गइल हवे।

सरकार पर्यटन अउर पीडब्ल्यू डी विभाग के अलावे अउरियो विभागन बदे धनरासि आवंटित कइले हउवे। अगिला महिन्ना से सुरू हो रहल महाकुंभ से जुड़ल सुविधा के बुनियादी ढांचा के विकास में राज्य सरकार पहिलहीं हजारों करोड़ रूपिया खरच कइ चुकलि हवे। महाकुंभ में चालीस करोड़ से ज्यिादे लोगिन के अइले क उमिद बाटे। येहि नाते प्रमुख बुनियादी ढांचा परियोजना बदे धन जुटावे खातिर अनुपूरक बजट के जरूरत रहल। राज्य सरकार दुइ हजार चउबीस–पचीस खातिर पचास करोड़ रूपिया क सलाना बजट पेस कइले रहे। येह साल फरवरी में ई आंकड़ा सात लाख छत्तीस हजार करोड़ रूपिया रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सीतकालीन सत्र के दुसरका दिन आजु सिक्षा के क्षेत्र में सरकार की ओरि से कइल गइल काम के लेखा–जोखा प्रस्तुत कइलें। श्री योगी कहलें कि हमार सरकार सिक्षा विभाग में एक लाख साठ हजार से जियादे भरती कइले हवे। बेसिक माध्यमिक, उच्च, तकनीकि, व्यावसायिक, चिकित्सा शिक्षा के मिलाके नया चयन बोर्ड उत्तर प्रदेस सिक्षा सेवा चयन आयोग बनि के तइयार बाटे। जवन अलग–अलग विभागन से अधियाचन मांग के भरती प्रक्रिया के आगे बढ़ा रहलि हवे। उहां के कहलीं कि हमार सरकार अकेले सिक्षे विभाग में एक लाख साठ हजार से जियादे भरती कइलें हवे। ई ऊ भरती हइन जवन पिछलकी सरकार के बदनीयती के नाते भरल नाही जा सकल।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु लोकसभा में पेस कइल गइल एक देश एक चुनाव बिल पर खुसी जतवले हवे। उहां के कहली कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगो दूरदर्शी नेता हउवे। येहि नाते उहां के देस के धन के बचावे के खातिर ई बिल संसद में पेस कइले हईं। श्री मौर्य कहलें कि एक भारत श्रेष्ठ भारत से अब हम सभे एक देश एक चुनाव की ओरि जा रहल हईं। ई देस हित में उठावल गइल कदम हउवे।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल बिहने से बनारस के दुइ दिन के दौरा पर रहिहें। राज्यपाल भिन्नहीं राजकीय विमान से बाबतपुर हवाई अड्डा पहुंचिहें, ओइजा से सड़कि राहि से पिंडरा के महारानी गुलाब कुंवारी महिला कॉलेज के दीक्षांत समरोह में सामिल होइहें। एकरे बाद राज्यपाल महारानी बनारस महिला कॉलेज, रामनगर अउर महाराजा बलवंत सिंह डिग्री कॉलेज, गंगापुर के छात्रा लोगिन के डिगिरी दिहले के सथहीं कस्तूरबा गांधी आवासीय विद्यालय शिवपुर में एचपीवी वैक्सिनेसन अभियान क सुभारम्भ करिहें। राज्यपाल रात्रि विश्राम बनारसे में करिहें अउर अगिला दिन्ने ओन्नइस दिसम्बर के भिन्नहीं सोनभद्र खातिर रवाना होइहें राज्यपाल के दौरा के ले के प्रसासन तइयारी पूरा कइ लिहले हउवे।

**********

प्रदेस क समाज कल्याण मंत्री असीम अरूण कहले हवे कि विभागन की ओरि से चलावल जा रहल छात्रवृत्ति शुल्क प्रतिपूर्ति योजना के अउरियो जियादे परभावी अउर पारदरसी बनावे बदे विभाग हमेसा प्रतिबद्ध बाटे। उहां के कहलीं कि समाज कल्याण विभाग प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के रिफार्म, परफार्म अउर ट्रांसफार्म के सिद्धान्त पर चलत कार कइ रहल हवे। श्री अरूण कहलें कि एकरे खातिर बिसेसज्ञन क ट्रांसफार्मेसन टीमि बनावल गइल हवे, जवने में लाभार्थियन क अपेक्षा, सिस्टम में सम्भावित कमी जइसन समेस्या क आकलन अउर कई गो बिन्दुअन पर गहन चरचा अउर विस्तृत अध्ययन के बादे चरचा पत्र तइयार कइल गइल हवे। येह बारे में आम जनता आपन बहुमूल्य सुझाव दे सके लें। ई सुझाव असीम एट द रेट असीम अरूण डॉट इन पर भेजल जा सके ला। एह पर बिचार के बाद प्रारूप में सामिल कइल जाई।

**********

जल सक्ति मंत्रालय के सहजोग से आजु लखनऊ में लघु सिंचाई विभाग की ओरि से तीनि दिन क खेती प्रसिक्षण कार्यसाला क सुरूआति भइल। येह कार्यसाला में उत्तर प्रदेस के साथे–साथे मध्य भारत क चारि राज्य मध्य प्रदेस, छत्तीसगढ़, उत्तराखण्ड अउर दिल्ली क प्रतिनिधि हिस्सा ले रहल हवें। प्रदेस सरकार क बिसेस सचिव बतवलें कि प्रसिक्षण कार्यसाला में वाटर बॉडीज के गणना के बारे में प्रसिक्षण दीहल जाई। उहां के बतवलीं कि एहकर उद्देस्य वाटर बॉडीज से जुड़ल डाटा तइयार कइल हउवे।

**********

मऊ जिला के सज्जो थान्हा पर आजु वादी दिवस क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर पुलिस उप महानिरीक्षक आजमगढ़ परिक्षेत्र वैभव कृष्ण थान्हा मोहम्मदाबाद अउर घोसी पहुंचि के फरियादियन क समेस्या सुनलें अउर उचित निपटारा बदे सम्बन्धित अधिकारियन के निरदेस दिहलें।

**********

उत्तर प्रदेस राज्य विधिक सेवा प्राधिकरण के निरदेस पर विधान से समाधान कार्यक्रम अउर मिशन शक्ति के पचवां फेरा में आजु अम्बेडकरनगर में विधिक साक्षरता जागरूकता सिविर क आयोजन कइल गइल। येहमें महिला लोगिन के उनके अधिकारन अउर हित संरक्षण के प्रति महत्वपूर्ण जनकारी दीहल गइल।

**********